**दिन—गुरूवार** **दिनांक—21.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि गयाजी मे आयोजित समारोहक दरमियान ऊर्जा, परिवहन, स्वास्थ्य आओर शहरी विकास सँ जुड़ल तेरह हजार करोड़ टाका सँ बेसीक विकास परियोजना सभक शिलान्यास आ लोकार्पण करताह। श्री मोदी वीडिया कॉन्फ्रेंसक जरिए मोकामाक औंटा आओर बेगूसरायक, सिमरियाक बीच गंगा नदी पर नव—निर्मित सिक्स—लेन—पुलक उद्घाटन करताह। श्री मोदी गया आओर दिल्लीक बीच अमृत भारत एक्सप्रेस आ वैशाली आओर कोडरमाक बीच बौद्ध—सर्किट—स्पेशल—ट्रेनक शुरूआत सेहो करताह। एकर अतिरिक्त प्रधानमंत्री बक्सर मे थर्मल पावर प्लांट, मुजफ्फरपुर मे होमी—भाभा—कैंसर—अस्पताल एवं अनुसंधान केन्द्रक सेहो लोकार्पण करताह। एम्हर, गयाजी मे समारोह स्थल आओर आस—पासक क्षेत्र कँ एसपीजी अपन सुरक्षा घेरा मे लऽ लेलक अछि। जिला प्रशासन दिस सँ प्रधानमंत्रीक दौरा कँ देखैत जगह—जगह दण्डाधिकारी सभक नेतृत्व मे पुलिस बलक तैनाती कएल गेल अछि।

---

लोकसभा मे मॉनसून सत्रक अंतिम दिनक कार्यवाही सेहो विपक्षी सदस्य सभक हंगामाक भेंटि चढ़ि गेल। आइ सदनक कार्यवाही शुरू होएतहिं बिहार मे मतदाता सूचीक विशेष गहन पुनरीक्षणक मुद्दा पर चर्चाक मांग कँ लऽकऽ विपक्ष जोरदार विरोध शुरू कऽ देलक। हंगामाक कारणें कार्यवाही पहिने बारह बजे धरि स्थगित भेल, दोबारा कार्यवाही शुरू भेला पर सेहो हंगामा जारी रहल। एहि कारणे अध्यक्ष ओम बिरला लोकसभाक कार्यवाही अनिश्चितकाल धरि स्थगित कऽ देलनि। अध्यक्ष सदन कँ इहो जानकारी देलनि जे एहि सत्र मे मात्र सैंतीस घंटाक कार्य भऽ सकल अछि। एहि दरमियान बारह विधेयक पारित कएल गेल। मॉनसून सत्र एकैस जुलाई कँ शुरू भेल छल।

---

नओ सितंबर के होबऽबला उपराष्ट्रपति—चुनावक लेल नामांकनक अंतिम दिन आइ इंडिया गठबंधनक उम्मीदवार, सर्वोच्च न्यायालयक पूर्व न्यायाधीश बी. सुदर्शन रेड्डी संसद भवन मे अपन पर्चा दाखिल कयलनि। एहि अवसर पर कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खड़गे,

वरिष्ठ कांग्रेस नेता सोनिया गांधी, एन.सी.पी पवार गुटक शरद पवार समेत महागठबंधनक कतेको वरिष्ठ नेता मौजूद छलाह। एनडीएक उम्मीदवार सीपी राधाकृष्णन काल्हि अपन नामांकन कएने छलाह। काल्हि नामांकन पत्र सभक जाँच कएल जाएत, जखनकि पच्चीस अगस्त धरि नाम वापस लेल जा सकैत अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलनि अछि जे राज्य सरकार अल्प संख्यक सभक विकासक लेल प्रतिबद्ध अछि। श्री कुमार आइ पटनाक बापू सभागार मे आयोजित, बिहार राज्य मदरसा शिक्षा बोर्डक शताब्दी समारोह कँ संबोधित करैत कहलनि जे एनडीए सरकार वर्ष दू हजार पांचक बाद अल्पसंख्यक सभक कल्याणक लेल ऐतिहासिक काज कएलक अछि। ओ कहलनि जे अल्प संख्यक कल्याण विभागक बजट बढ़ि कऽ एक हजार करोड़ टाकाक भऽ गेल अछि। श्री कुमार कहलनि जे हुनक सरकार मदरसा शिक्षक सभकँ समान वेतन देबाक काज कएलक अछि। जखनकि पछिला सरकार सभ अल्पसंख्यक सभकँ नजरअंदाज कएलक।

———————————————————————

महागठबंधन दिस सँ आयोजित वोटर अधिकार यात्रा आइ शेखपुरा पहुंचल। कांग्रेस नेता राहुल गांधीक दिल्ली मे हेबाक कारणे राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव यात्राक नेतृत्व कएलनि। श्री यादव शहरक तीन–मुहानी चौक पर सभाकँ संबोधित करैत लोक सभसँ नव बिहारक निर्माण मे सहयोगक अपील कएलनि। यात्रा मे भाकपा मालेक राष्ट्रीय महासचिव दीपांकर भट्टाचार्य आओर वीआईपीक प्रमुख मुकेश सहनी सेहो मौजूद छलाह। वोटर अधिकार यात्रा, अगिला पड़ाव जमुई के सिकंदराक लेल रवाना भऽ गेल अछि।

———————————————————————

राज्य मे दस साल पहिने खोलल गेल करीब चौरासी लाख प्रधानमंत्री जन–धन योजना खाता सभक सत्यापन कार्य कएल जा रहल अछि। लाभुक सभक लेल तीस सितंबर तक अपन बैंक खाताक सत्यापन–केवाईसी कराएब जरूरी अछि। राज्य स्तरीय बैंकर समितिक संयोजक आओर भारतीय स्टेट बैंक पटना मंडलक मुख्य महाप्रबंधक अनुराग जोशी बतएलनि जे केवाईसी नहि करबैबला लोक सभक खाता निष्क्रिय भऽ जाए ओ कहलनि जे राज्य मे सभटा आठ हजार तिरपन पंचाइत सभमे अभियान चला कऽ एहि खाता सभक केवाईसी करबाओल जा रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकतर भाग सभमे मॉनसून एक बेर फेर सक्रिय भऽ गेल अछि। एहि कारणें मधुबनी, अररिया, सुपौल आओर किशनगंज समेत राज्यक उत्तर–पूर्व आओर दक्षिण–पूर्व भाग सभमे कतेको स्थान सभ पर भारी मात्रा मे बरखा दर्ज कएल गेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जानकारीक अनुसारें पछिला चौबीस घंटाक दरमियान मधुबनी जिलाक राजनगर मे सभसँ बेसी पचहत्तरि मिलीमीटर बरखा रिकॉर्ड कएल गेल। विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आइ बेगूसराय, मुंगेर, भागलपुर, बांका, समस्तीपुर, वैशाली, गयाजी आओर नवादा जिला मे अनेको स्थान सभ पर भारी बरखाक आशंका अछि। ओतहि, राज्यक दक्षिण भाग सभमे कतेको स्थान सभ पर मेघगर्जन, वज्रपात आओर तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तार सँ तेज हवा चलबाक संभावना अछि।

————————————————————————

समाप्त